

WE ARE YOUR DOL



Department
of Labor

APÈSI SOU LWA YO

ki pwoteje TOUT travayè nan Eta New York

Fèy enfòmasyon sa a se yon apèsi sou lwa nan Eta New York ki pwoteje w kòm yon travayè. Depatman travay Eta New York, ki sipèvize lwa sa yo, pwoteje tout travayè kont vòl salè, kèlkeswa sitiyasyon yo nan domèn imigrasyon. Si w ap travay nenpòt kote nan Eta New York, menm si w san papye, yon migran oswa yon moun k ap chèche azil, lalwa pwoteje w. Nan eta nou an, anplwayè yo DWE bay salè minimòm pou chak èdtan ak benefis adisyonèl ki nan lis anba a.

SALÈ MINIMÒM NAN OBLIGATWA

Tout travayè gen dwa resevwa omwen yon salè minimòm pou chak èdtan yo travay. Sa gen ladan travayè nan manje rapid (fast food), travayè kote yo fè zong, travayè ki resevwa plis pase trant dola poubwa, ak plis ankò, kèlkeswa sitiyasyon yo nan kesyon imigrasyon.

KOTE	SALE MINIMÒM NAN APATI 01/01/2024	ANPLWAYE SÈVIS KI RESEVWA POUBWA APATI 01/01/2024	MANJE AVÈK POUBWA TRAVAYÈ SÈVIS APATI 01/01/2024
Vil New York	\$16,00/èdtan	\$13,35 Salè lajan kach \$2,65 Kredi Poubwa	\$10.65 Salè lajan kach \$5,35 Kredi Poubwa
Long Island & Westchester	\$16,00/èdtan	\$13,35 Salè lajan kach \$2,65 Kredi Poubwa	\$10,65 Salè lajan kach \$5.35 Kredi Poubwa
Rès Eta New York Ia	\$15,00/lè	\$12,50 Salè lajan kach \$2.50 Kredi Poubwa	\$10,00 Salè lajan kach \$5,00 Kredi Poubwa

Lwa Eta New York pèmèt anplwayè nan kèk endistri tankou otèl, restoran ak sèvis tretè konbina sa anplwayè a peye si anplwayè a fè ase nan poubwa kliyan yo bay. Pa egzanp, yon restoran nan Vil New York ta ka peye \$ 10 pou chak èdtan (yo rele sa "salè lajan kach") si anplwaye a te fè yon mwayèn omwen \$ 5 chak èdtan nan poubwa jou sa a ("kredi TEP la"). Travayè kote yo bay sèvis ki gen rapò ak manje gen ladan sèvè, moun k ap sèvi nan ba ak pèsonèl k ap ranje ak netwaye tab pou kliyan yo. Sa PA gen ladan I travayè livrezon yo. Anplwe sèvis ki resevwa poubwa yo se lòt travayè, tankou ki la pou kondui, al pake oswa rekiperé machin kliyan nan yon restoran ak fanm ki travay kay moun, ki an jeneral resevwa poubwa.

Tout lòt travayè ki pa travay nan lopital, ki gen ladan moun ki nan kote yo fè zong ak lave machin, moun ki la pou ede kliyan ak machin yo nan pakin ak kwafè yo DWE resevwa salè minimòm konplè a, menm si yo resevwa poubwa.

LÈ SIPLEMANTÈ

Yo dwe peye pifò anplwaye lè a plis mwatye pouvantaj salè yo pou chak èdtan yo te travay apre yo pase 40 èdtan nan yon semèn.

PERYÒD REPA

Anplwayè nan Eta New York dwe bay tout anplwaye yo tan lib pou yo manje, apre yo fin travay yon sèten kantite èdtan. An jeneral, anplwayè yo dwe bay omwen 30 minit poz san peye si yon anplwaye travay plis pase 6 èdtan.

CHAK KILÈ POU YO PEYE

Lwa Eta New York egzije pou yo peye travayè manyèl yo chak semèn, ak travayè biwo ak lòt travayè omwen de fwa pa mwa.

AVI POU ANPLWAYE YO

Anplwayè yo oblige bay anplwaye yo avi sa yo:

- Sètifica salè (fich pèman) ak chak pèman salè
- Avi sou pèman, avi sou pouvantaj pèman ak jou pèman ansanm ak enfòmasyon sou èdtan ak benefis tankou tan konje, asirans, elatriye.
- Avi revokasyon, ki se avi alekri yo bay yon anplwaye nan espas senk jou ouvrab revokasyon yo

KONJE MALAD PEYE

Tout travayè sektè prive (ki pa gouvènman) nan Eta New York yo kouvri anba lwa konje malad ak sekirite eta a. Sa vle di ou gen dwa pou w pran tan konje si w malad. Kantite tan ak si li peye oswa si l pa peye depann de

gwosè biznis ou travay pou li a. Travayè nan tout kalite travay yo asire, menm moun k ap travay a tan pasyèl oswa chak sezon.

REVANJ KONT TRAVAYÈ YO

Rapòte yon pwoblèm ki ka rive oswa yon aktivite ilegal patwon w ka petèt fè w pè, men patwon yo pa ka pini wjpaske w enfòme nou sou vyolasyon lwa travay oswa bay w enfòmasyon bay Depatman travay la. Si w rapòte yon vyolasyon, patwon w pa dwe: revoke w, koupe salè w oswa èdtan w yo, voye w yon lòt kote oswa desann grad ou. Si yo menase pou yo pran aksyon, denonse w, depòte w oswa nenpòt lòt bagay, sa ilegal.

DEDOMAJMAN AKSIDAN TRAVAY

Si w blese oswa ou vin malad e sa gen rapò dirèk ak travay ou a, gen èd ki disponib pou ou. Eta New York mande patwo yo pou yo bay travayè yo pwoteksyon kont aksidan travay pou chak anpwaye, kèlkleswa nasyonalite yo ak/oswa sityasyon yo nan kesyon imigrasyon. Nan ka yon blesi oswa maladi gen rapò ak travay la, asirans sa a peye pou swen medikal e li bay ranplasman pasyèl salè si w pa ka travay (oswa w ap touche mwens) akoz blesi oswa maladi w la. Ou ka aprann plis lè w vizite **wcb.ny.gov** oswa rele **877-632-4996**. Èd ak sèvis lang gratis disponib si w ta renmen enfòmasyon nan yon lang ki pa anglè.

DEPOZE YON PLENT

Depatman Travay la ede kolekte salè yo dwe travayè ki pa te resevwa salè minimòm nan, yon fwa yo depoze yon reklamasyon avèk nou.

SALÈ KI POKO PEYE

- Anplwayè w la pa t peye w pou tout èdtan w te travay
- Chèk salè sa pwovizyon paske pa t gen ase lajan
- Ou pa t resevwa tout poubwa ou yo
- Yo te bese to salè w a san avètisman alavans

SIPLEMAN SALÈ KI PA PEYE

- Anplwayè w la te pwomèt ou (vèbalman oswa alekri), men li pa t bay pèman vakans, pèman jou ferye, bonis, elatriye.

SALÈ MINIMÒM/LÈ SIPLEMANTÈ

- Anplwayè w la te peye w mwens pase salè minimòm nan.
- Anplwayè w la pa t peye to lè siplemantè pou èdtan w te travay plis pase 40 nan yon semèn.

TAN YO PA PEYE POU YO

- Anplwayè w la pa t bay peryòd repa ki nesesè a, jou repo, fich pèman, avi sou pèman, peman salè ale, oswa te pran yon aksyon negatif kont ou paske w te fè yon plent.

FÒMILÈ PLENT

- Anglè: dol.ny.gov/labor-standards-complaint-form-ls223
- Albanè: dol.ny.gov/ls223al-albanian-labor-complaint-form
- Arab: dol.ny.gov/ls223ar-arabic-labor-complaint-form
- Benngali: dol.ny.gov/ls223bn-bengali-labor-complaint-form
- Chinwa: dol.ny.gov/ls223c-chinese-labor-complaint-form
- Fransè: dol.ny.gov/ls223f-french-labor-complaint-form
- Grèk: dol.ny.gov/ls223g-greek-labor-complaint-form
- Kreyòl ayisyen: dol.ny.gov/ls223hc-haitian-creole-labor-complaint-form
- Indi: dol.ny.gov/ls223h-hindi-labor-complaint-form
- Italyen: dol.ny.gov/ls223i-italian-labor-complaint-form
- Japonè: dol.ny.gov/ls223j-japanese-labor-complaint-form
- Koreyen: dol.ny.gov/ls223k-korean-labor-complaint-form
- Polonè: dol.ny.gov/ls223p-polish-labor-complaint-form
- Pòtigè: dol.ny.gov/ls223pg-portuguese-labor-complaint-form
- Ris: dol.ny.gov/ls223r-russian-labor-complaint-form
- Espanyòl: dol.ny.gov/ls223s-spanish-labor-complaint-form
- Oudou: dol.ny.gov/ls223ur-urdu-labor-complaint-form
- Yidich: dol.ny.gov/ls223y-yiddish-labor-complaint-form

SOUMÈT FÒM REKLAMASYON KI RANPLI A BAY:

NYS DOL, Division of Labor Standards

State Office Campus

Building 12, Room 266B Albany, NY 12226

Si w bezwen plis asistans pou depoze plent ou an, tanpri rele: **1-888-469-7365**.